# «Өзбекстан почтасы» АЖ Қарақалпақстан филиалы хабарлайды

**«Өзбекстан почтасы» АЖ Қарақалпақстан филиалының барлық қала, район почта байланыс тармақлары ҳәм олардың аўыллық жерлердеги байланыс бөлимлеринде мәлимлеме коммуникация технологияларынан пайдадалған ҳалда пуқаралардың барлық түрдеги төлемлерин қабыллаў хызмети жолға қойғанлығын хабарлайды.**

Image not found or type unknown

Төлемлердиң төмендеги түрлерин:

- Пайдалаған коммунал хызметлери ушын (тәбийий газ, электр энергия, ишимлик суўы);
- Сымлы ҳәм мобил телефонлар ушын;
- Интернет хызмети ушын;
- IPTV төлемлер ушын;
- Жоқары оқыў орынлары студентлери контракт төлемлери;
- Жоқары оқыў орынларына кириўде тест сынақларына қатнасыў ушын төлемлер (ДТМ);
- Мал-мүлк салықлары ушын төлемлер;
- Автотранспорт айдаўшылардың жол ҳәрекети қағыйдаларын бузғанлығы ушын жәрийма төлемлери;
- Нотариус хызмети төлемлери ушын;
- Кадастр хызмети ушын төлемлери ушын;
- ИИМ ҳәм Әдиллик министрлиги хызметлери ҳәм т.б көплеген төлемлер жолға қойылған.

Ҳәр бир қабылланған төлемлер сол ўақыттың өзинде туўрыдан туўры өз есап бетиңизге түседи. Аўыллық жерде жасаўшы пухаралардың район ҳәм қала

орайларына келип жүрместен, почта байланыс бөлимлеринде барлық түрдеги төлемлерди әмелге асырыў арқалы ўақытыңызды ҳәм жол ҳақы пулын үнемлеў имканын береди.

Ҳүрметли пуқаралар!

Сизлерди «Өзбекстан почтасы» АЖ Қарақалпақстан филиалы тәрепинен жолға қойылған төлемлерди қабыллаў хызметинен пайдаланыўға шақырады